



Enplan Pwojestin [Progestin Implant]

Kisa enplan an ye?	<p>Enplan an se yon tib plastik fen anviwon gwosè yon papye alimèt. Yo mete l anba po pati anwo bra w.</p> <p>Li bay yon ti kantite progestin (yon òmon) pou anpeche gwosès. Li dire 3 zan. Apre 3 zan, ou ka mete yon nouvo enplan si w vle youn.</p>
A ki pwèn li fè travay li?	<p>Enplan an mache pi byen pase grenn nan, patch la, sèk la, ak piki a. Li evite gwosès kay 99 pou 100 fanm ki sèvi avè l.</p>
Èske li san danje?	<p>Wi.</p>
Kijan yo antre enplan a?	<p>Apre yo anestezye po w, yon moun ki bay swen sante (doktè) mete enplan an anba po pati anwo bra w. Li pran kèk minit. Yo fè l nan biwo a oswa nan klinik la.</p>
Kijan yo retire l?	<p>Yon moun ki bay swen sante (doktè) anestezye po w epi fè yon ti fann pou retire enplan an. Li pran kèk minit. Yo ka retire enplan an nenpòt ki lè. Yo retire l nan biwo a oswa nan klinik la.</p>
Ki avantaj li?	<p>Enplan an san danje, li travay byen, epi fasil pou itilize. Kou w genyen l, li mache pou kont li – ou pa gen pou fè anyen. Yo ka itilize l pandan y' ap bay tete. Li bon anpil pou anpil fanm ki pa ka sèvi ak grenn planin, patch, oswa sèk.</p>
Ki efè segondè l?	<p>Enplan an lakoz règ yo chanje. Majorite fanm yo gen degout san ale vini. Degout san an kapab dire jiskaske yo retire enplan an. Kèk fanm gen: chanjman nan karaktè, ogmantasyon pwa, maltèt, akne, ak/oswa chanjman po nan pati anwo bra a. Majorite efè segondè yo disparèt lè yo retire enplan an.</p>
Èske moun ka wè l?	<p>Majorite moun pa ka wè l, men ou ka santi l si w touche po a ki kouvri enplan an.</p>
Konbyen li koute?	<p>Mete enplan an koute 400 a 800 dola epi retire l la koute 75 a 150 dola. Majorite plan asirans yo peye pou enplan an.</p>
Èske li pwoteje kont Viris Maladi Sida a (HIV) ak lòt enfeksyon moun trape nan fè bagay?	<p>Non, li PA pwoteje w kont enfeksyon moun trape nan fè bagay? Ou dwe itilize yon kapòt latèks chak fwa w ap fè bagay (menm avèk enplan an anplas), sof si ou menm ak mennaj ou a nou fè bagay sèlman youn ak lòt.</p>
Èske l fasil pou vin ansent apre yo retire enplan an?	<p>Majorite fanm yo vin ansent touswit apre yon moun k' ap bay swen medikal (doktè) retire enplan an.</p>